

## Bonis, Peman Vakans, Komisyon, Konpansasyon pou Maladi, Komisyon sou Asirans, Konsèvasyon Danre ak Lòt Peman Espesyal

### Kisa “peman espesyal yo” ye?

Apre ou fin pran retrèt ou, ou ka byen resevwa peman pou kèk travay ou te fè anvan ou te kòmanse resevwa benefis retrèt Sekirite Sosyal ou. Anjeneral, peman sa yo p ap afekte benefis Sekirite Sosyal ou, toutotan ke ou resevwa yo pou travay ou te fè anvan ou te pran retrèt ou. Bilten enfòmasyon sa a dekri kèk nan peman espesyal ki pi komen yo, li ede ou rekonèt si ou te resevwa nenpòt ladan yo, epitou li montre ou ki etap ou dwe pran si ou te resevwa yo.

### Kisa ki kalifye kòm yon peman espesyal?

Si ou te travay pou yon salè, revni ou resevwa apre retrèt ou konsidere kòm peman espesyal si ou touche li pou yon dènye bagay ou te fè okonplè anvan ou te sispann travay. Men kèk egzanp peman espesyal pou anplwaye: bonis, vakans akimile, konpansasyon pou maladi, dedomajman pou revokasyon, salè ariere, prim disponiblite, komisyon sou lavant, likidasyon pansyon oswa konpansasyon difere ki rapòte sou yon fòmilè W-2 pandan yon ane, men ke ou te touche nan ane anvan an. Lajan sa yo ka prezante sou fòmilè W-2 ou, nan espas ki rele “Nonqualified Plan” (Plan ki pa Kalifye).

Si ou te yon travayè endepandan, nenpòt revni nèt ou resevwa apre premye ane retrèt ou ap konsidere kòm yon peman espesyal si sèvis ki lakòz ou touche peman an te fèt anvan ou te kalifye pou ou resevwa benefis Sekirite Sosyal. “Sèvis” yo se nenpòt travay regilye oswa nenpòt lòt aktivite enpòtan ou fè pou biznis ou.

Men kèk peman espesyal pou travayè endepandan: peman pwogram abitasyon agrikòl, revni pou konsèvasyon danre, oswa revni yon pwopriyetè biznis reyalize san li pa fè gwo travay nan biznis la.

### Kòmman limit salè ou afekte benefis ou?

Jeneralman, gen yon limit salè ki aplike sou moun ki resevwa benefis Sekirite Sosyal, ki kontinye ap travay, epi ki poko gen laj pou yo pran retrèt konplè yo. Pandan plizyè ane, laj pou yon moun te pran retrèt konplè se te 65 an. Sepandan, akòmanse apati moun ki fèt nan lane 1938 oswa aprè sa, laj sa a te ogmante gradyèlman jiskaske l te rive nan 67 an pou moun ki te fèt aprè 1959. Pa egzanp, laj pou retrèt konplè pou moun ki te fèt nan lane 1943 jiska 1954 se 66 an. Benefis Sekirite Sosyal moun sa yo ap bese si salè yo depase yon sèten limit.

- Pou 2010 la, si ou poko gen laj pou ou pran retrèt konplè ou, ap gen \$1 ki ap dedui sou benefis ou pou chak \$2 ou touche ki depase \$14.160.
- Nan ane ou gen laj pou pran retrèt konplè ou, ap gen \$1 ki ap dedui pou chak \$3 ou touche depase \$37.680 pou 2010 la.
- Apati mwa ou gen laj pou pran retrèt konplè ou, ou ka resevwa tout benefis ou yo kèlkeswa kantite lajan ou ap touche.

### Si ou panse ou te resevwa yon peman espesyal

Si ou ap resevwa Sekirite Sosyal, epi salè total pa ane ou depase limit la, epi gen yon peman espesyal ki rantre nan salè ou, ou ta dwe kontakte Sekirite Sosyal. Fè nou konnen si ou panse ou te resevwa yon peman espesyal. Si nou dakò, nou p ap konte valè peman espesyal la nan salè total ou pou ane a.

(lòt bò a)

## Egzanp yon peman espesyal

Egzanp sa a montre fason règleman Sekirite Sosyal yo trete yon peman espesyal.

Msye Jean-Baptiste te pran retrèt li nan mwa Novanm 2009, lè li te gen laj 62 lane, epi li te kòmanse resevwa benefis Sekirite Sosyal li. Nan mwa Janvyè 2010, Msye Jean-Baptiste te resevwa yon chèk travay li pou \$17,000 pou tan vakans li te genyen ki te akimile. Poutèt peman sa a se pou vakans li te akimile anvan li te pran retrèt li, Sekirite Sosyal ap konsidere li kòm yon peman espesyal, epi li p ap konte li nan limit salè pou ane 2010 la.

## Moun ki ap vann asirans ak kiltivatè

Gen de (2) gwoup pwofesyonèl espesifik ki resevwa salè ki konsidere kòm peman espesyal souvan: se moun ki ap vann asirans ki resevwa komisyon renouvèlman oswa komisyon repetisyon sou kontra asirans yo, avèk kiltivatè ki resevwa revni pou konsèvasyon danre.

## Moun ki Vann Asirans

Anpil moun ki ap vann asirans kontinye ap resevwa komisyon sou kontra asirans yo te vann anvan retrèt yo apre ane yo vin pran retrèt yo. Revni sa a p ap afekte benefis Sekirite Sosyal yo, toutotan revni an te reprezante rezilta travay yo te fè anvan yo te pran retrèt yo.

## Kiltivatè

Anpil kiltivatè rekòlte pandan yon lane epi yo antrepeze rekòlt la menm lè a, men yo vann rekòlt la pandan yon lane diferan. Lè yon rekòlt finn fèt nèt epi finn antrepeze oswa anvan oswa pandan menm mwa yon kiltivatè elijib pou li jwenn benefis Sekirite Sosyal li, menm si lavant rekòlt la ranvwaye pou lane ki vinn apre a, kòb lavant la pap afekte benefis Sekirite Sosyal kiltivatè a pou ane sa a.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou kapab jwenn yon entèprèt pou w gratis ki pral pran telefòn la oswa ki kapab vini nan biwo lokal nou. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwòlè kèk apèl telefonik.